

| SHONA | NEW INTERNATIONAL VERSION |
|---|--|
| RUTE 1 | RUTH 1 |
| 1:1 Zvino namazuva okutonga kwavatongi nzara yakanga iripo panyika. Mumwe murume weBheterehemu-judha akandogara panyika yaMoabhu, iye nomukadzi wake navanakomana vake vaviri. | 1:1 In the days when the judges ruled, there was a famine in the land, and a man from Bethlehem in Judah, together with his wife and two sons, went to live for a while in the country of Moab. |
| 1:2 Zita romurume rakanga riri Erimereki, nezita romukadzi wake Naomi; mazita avanakomana vake vaviri aiva Maroni naKirioni, vaEfurata veBheterehemu-judha. Ivo vakasvika panyika yaMoabhu, vakagarako. | 1:2 The man's name was Elimelech, his wife's name Naomi, and the names of his two sons were Mahlon and Kilion. They were Ephrathites from Bethlehem, Judah. And they went to Moab and lived there. |
| 1:3 Zvino Erimereki murume waNaomi, akafa, iye akasiwa navanakomana vake vaviri. | 1:3 Now Elimelech, Naomi's husband, died, and she was left with her two sons. |
| 1:4 Ivo vakazviwanira vakadzi kuvaMoabhu; zita romumwe raiva Oripa, nezita romumwe Rute; vakagarako makore anenge gumi. | 1:4 They married Moabite women, one named Orpah and the other Ruth. After they had lived there about ten years, |
| 1:5 Maroni naKirioni vakafawo, vose vari vaviri, mukadzi akasiwa asina vanakomana vake vaviri nomurume wake. | 1:5 both Mahlon and Kilion also died, and Naomi was left without her two sons and her husband. |
| 1:6 Ipapo akasimuka navakadzi vavana vake, achida kubva kunyika yaMoabhu; nekuti wakange anzwa achiri panyika yaMoabhu, kuti Jehovha wakarangarira vanhu vake, akavapa zvokudya. | 1:6 When she heard in Moab that the Lord had come to the aid of his people by providing food for them, Naomi and her daughters-in-law prepared to return home from there. |
| 1:7 Akabva kwaakanga ari navakadzi vavana vake vaviri, vakafamba nenzira inodzokera kunyika yaJudha. | 1:7 With her two daughters-in-law she left the place where she had been living and set out on the road that would take them back to the land of Judah. |
| 1:8 Zvino Naomi akati kuvakadzi vavana vake vaviri, Endai, dzokerai mumwe nomumwe kumba kwamai vake; Jehovha ngaakuitirei zvakanaka, sezvamakaitira vakafa neniwo. | 1:8 Then Naomi said to her two daughters-in-law, "Go back, each of you, to your mother's home. May the Lord show kindness to you, as you have shown to your dead and to me. |
| 1:9 Jehovha ngaakuzorodzei, mumwe nomumwe mumba momurume wake. Akavatsvoda, ivo vakachema kwazvo. | 1:9 May the Lord grant that each of you will find rest in the home of another husband." Then she kissed them and they wept aloud. |
| 1:10 Vakati kwaari, Kwete, tichaenda nemwi kana modzokera kuvanhu venyu. | 1:10 and said to her, "We will go back with you to your people." |
| 1:11 Naomi akati, Dzokai, vana vangu, muchaendereiko neni? Ini ndichina vamwe vanakomana mumuviri wangu vangazova varume venyu here? | 1:11 But Naomi said, "Return home, my daughters. Why would you come with me? Am I going to have any more sons, who could become your husbands?" |
| 1:12 Dzokai, vana vangu, endai henyu, nekuti ini ndachembera, handingawanikwi nomurumezve. Kunyangwe ndikati; ndichine tariro kuti ndingabereka vanakomana, kana ndaiva nomurume usiku hwuno, | 1:12 Return home, my daughters; I am too old to have another husband. Even if I thought there was still hope for me—even if I had a husband tonight and then gave birth to sons— |

| SHONA | NEW INTERNATIONAL VERSION |
|--|---|
| 1:13 mungavamirira kusvikira vakura here? Mungaramba kuwanikwa navamwe varume naizvozvo here? Kwete, vana vangu, nekuti zvinovava kwazvo kwandiri kupfuura imwi, nekuti ruoko rwaJehovha runorwa neni. | 1:13 would you wait until they grew up? Would you remain unmarried for them? No, my daughters. It is more bitter for me than for you, because the Lord's hand has gone out against me!" |
| 1:14 Ipapo vakachemazve kwazvo, Oripa akatsvoda vamwene vake, asi Rute wakavanamatira. | 1:14 At this they wept again. Then Orpah kissed her mother-in-law good-bye, but Ruth clung to her. |
| 1:15 Akati, Tarira, vakoma vako vadzokera kuvanhu vako, nokunamwari wake; dzoka newewo, utevere vakoma vako. | 1:15 "Look," said Naomi, "your sister-in-law is going back to her people and her gods. Go back with her." |
| 1:16 Rute akati, Musandirwaririra kuti ndikusiyei, ndirege kukuteverai; nekuti pamunoenda neni ndichaendapowo; pamunovata, neni ndichavatapowo; navanhu venyu vachava vanhu vangu, naMwari wenyu achava Mwari wangu; | 1:16 But Ruth replied, "Don't urge me to leave you or to turn back from you. Where you go I will go, and where you stay I will stay. Your people will be my people and your God my God. |
| 1:17 pamunondofira, ndipo pandichandofira neniwo, ndipo pandichavigwawo; Jehovha ngaandirove, arambe achidaro, kana imwi neni tikaparadzaniswa nechinhu, asi norufu chete. | 1:17 Where you die I will die, and there I will be buried. May the Lord deal with me, be it ever so severely, if anything but death separates you and me." |
| 1:18 Zvino wakati achiona kuti watsungirira kwazvo kuenda naye, akarega kuzotaura naye. | 1:18 When Naomi realized that Ruth was determined to go with her, she stopped urging her. |
| 1:19 Naizvozvo ivavo vaviri vakafamba kusvikira paBheterehemu. Zvino wakati vachisvika paBheterehemu, guta rose rikashamiswa pamusoro pavo; vakadzi vakati, Uyu ndiye Naomi here? | 1:19 So the two women went on until they came to Bethlehem. When they arrived in Bethlehem, the whole town was stirred because of them, and the women exclaimed, "Can this be Naomi?" |
| 1:20 Akati kwavari, Regai kundiidza Naomi, asi mundiidze Mara, nekuti waMasimbaose wakandiitira zvinovava kwazvo. | 1:20 "Don't call me Naomi," she told them. "Call me Mara, because the Almighty has made my life very bitter. |
| 1:21 Ndakabuda ndizere, Jehovha akandizoserazve kumusha ndisina chinhu; munondiidzireiko Naomi, Jehovha zvaakandipupurira mhosva, waMasimbaose zvaakandimanikidza? | 1:21 I went away full, but the Lord has brought me back empty. Why call me Naomi? The Lord has afflicted me; the Almighty has brought misfortune upon me." |
| 1:22 Naizvozvo Naomi akadzoka naRute muMoabhhu, mukadzi womwana wake, vachibva kunyika yaMoabhhu; vakasvika paBheterehemu vanhu votanga kukohwa bhari. | 1:22 So Naomi returned from Moab accompanied by Ruth the Moabitess, her daughter-in-law, arriving in Bethlehem as the barley harvest was beginning. |
| RUTE 2 | RUTH 2 |
| 2:1 Zvino Naomi wakange ane hama yomurume wake, murume wakange ane simba nefuma, weimba yaErimereki, wainzi Bhowasi. | 2:1 Now Naomi had a relative on her husband's side, from the clan of Elimelech, a man of standing, whose name was Boaz. |

| SHONA | NEW INTERNATIONAL VERSION |
|---|--|
| 2:2 Rute muMoabhu akati kuna Naomi, Nditenderei ndiende kumunda, ndindounganidza hura dzezviyo shure kwaiye unondinzwira nyasha. Akati kwaari, Enda hako, mwana wangu. | 2:2 And Ruth the Moabite said to Naomi, “Let me go to the fields and pick up the leftover grain behind anyone in whose eyes I find favor.” Naomi said to her, “Go ahead, my daughter.” |
| 2:3 Iye akaenda, akandounganidza pamunda achitevera vacheki; akava neropa rakanaka kuti wakasvika pamunda waBhowasi weimba yaErimereki. | 2:3 So she went out and began to glean in the fields behind the harvesters. As it turned out, she found herself working in a field belonging to Boaz, who was from the clan of Elimelech. |
| 2:4 Zvino vonei, Bhowasi wakabva Bheterehemu, akati kuvacheki, Jehovha ave nemi. Ivo vakapindura, vakati kwaari, Jehovha akuropafadzeiwo. | 2:4 Just then Boaz arrived from Bethlehem and greeted the harvesters, “The Lord be with you!” “The Lord bless you!” they called back. |
| 2:5 Bhowasi akati kumuranda wake wakange ari mutariri wavacheki, Musikana uyu ndowaaniko? | 2:5 Boaz asked the foreman of his harvesters, “Whose young woman is that?” |
| 2:6 Muranda, wakange ari mutariri wavacheki, akapindura akati, Ndiye musikana muMoabhu, wakadzoka naNaomi vachibva kunyika yaMoabhu, | 2:6 The foreman replied, “She is the Moabite who came back from Moab with Naomi. |
| 2:7 iye akati, Nditendereiwo ndiunganidze, ndinonge shure kwavacheki pakati pezvisote, naizvozvo akauya, akaswerapo kubva mangwanani kusvikira zvino, asi wakagara mumba nguva duku. | 2:7 She said, ‘Please let me glean and gather among the sheaves behind the harvesters.’ She went into the field and has worked steadily from morning till now, except for a short rest in the shelter.” |
| 2:8 Ipapo Bhowasi akati kuna Rute, Chinzwa hako, mwanasikana wangu. Usandounganidza kunomumwe munda, uye usabva pano, asi urambire pano kuvasikana vangu. | 2:8 So Boaz said to Ruth, “My daughter, listen to me. Don’t go and glean in another field and don’t go away from here. Stay here with my servant girls. |
| 2:9 Meso ako ngaarambe achitarira munda wavanocheka, newe uvatevere; ndakaraira majaya angu kuti varege kukutambudza. Kana ukanzwa nyota, enda hako kumidziyo, umwe mvura yakatekwa namajaya. | 2:9 Watch the field where the men are harvesting, and follow along after the girls. I have told the men not to touch you. And whenever you are thirsty, go and get a drink from the water jars the men have filled.” |
| 2:10 Ipapo akawira pasi nechiso chake, akakotamira pasi, akati kwaari, Ndanzwirwa nyasha nemwi neiko, kuti muve nehanya neni, zvandiri mutorwa hangu? | 2:10 At this, she bowed down with her face to the ground. She exclaimed, “Why have I found such favor in your eyes that you notice me—a foreigner?” |
| 2:11 Bhowasi akapindura akati kwaari, Ndakaziviswa zvose zvawakaitira vamwene vako kubva pakufa komurume wako, kuti wakasiya baba vako namai vako nenyika kwawakaberekerwa, ukauya kuvanhu vawakanga usingazivi kare. | 2:11 Boaz replied, “I’ve been told all about what you have done for your mother-in-law since the death of your husband—how you left your father and mother and your homeland and came to live with a people you did not know before. |
| 2:12 Jehovha ngaakuripire sezvawakabata, upiwe mubairo wakakwana naJehovha Mwari waIsiraeri, wawakauya kuzovanda pasi pamapapiro ake. | 2:12 May the Lord repay you for what you have done. May you be richly rewarded by the Lord, the God of Israel, under whose wings you have come to take refuge.” |

| SHONA | NEW INTERNATIONAL VERSION |
|--|--|
| 2:13 Iye akati, Ndinzwirwe hangu nyasha nemi, ishe wangu, nekuti makandinyaradza, mukataura zvakanaka nomurandakadzi wenyu, kunyange ndisina kufanana nomumwe wavarandakadzi wenyu. | 2:13 “May I continue to find favor in your eyes, my lord,” she said. “You have given me comfort and have spoken kindly to your servant—though I do not have the standing of one of your servant girls.” |
| 2:14 Nenguva yokudya Bhowasi akati kwaari, Uya pano, udye chingwa, usevere musuva wako muvhiniga. Iye akagara navacheki, ivo vakamugamuchidza zviyo zvakakangwa, akadya, akaguta, akasiya zvimwe. | 2:14 At mealtime Boaz said to her, “Come over here. Have some bread and dip it in the wine vinegar.” When she sat down with the harvesters, he offered her some roasted grain. She ate all she wanted and had some left over. |
| 2:15 Zvino wakati asimuka kuzounganidza zviyo, Bhowasi akaraira majaya ake, akati, Ngaauanganidze hake kunyange napakati pezvisote, musamudzivisa. | 2:15 As she got up to glean, Boaz gave orders to his men, “Even if she gathers among the sheaves, don’t embarrass her. |
| 2:16 Mumuvhomorerewo dzimwe hura maune patsama, mudzisiye, aunganidze hake, musamutuka. | 2:16 Rather, pull out some stalks for her from the bundles and leave them for her to pick up, and don’t rebuke her.” |
| 2:17 Naizvozvo akaunganidza pamunda kusvikira madekwana; akandopura zvaakaunganidza, zvikavavarira kusvika efa imwe yebhari. | 2:17 So Ruth gleaned in the field until evening. Then she threshed the barley she had gathered, and it amounted to about an ephah. |
| 2:18 Akazvisimudza, ndokupinda muguta; vamwene vake vakaona zvaakanga aunganidza; akabudisawo zvakanga zvasara aguta hake, akavapawo. | 2:18 She carried it back to town, and her mother-in-law saw how much she had gathered. Ruth also brought out and gave her what she had left over after she had eaten enough. |
| 2:19 Ipapo vamwene vake vakati kwaari, Wandounganidzepiko nhasi? Wandobata basa kupiko? Iye wakava nehanya newe ngaaropafadzwe. | 2:19 Her mother-in-law asked her, “Where did you glean today? Where did you work? Blessed be the man who took notice of you!” Then Ruth told her mother-in-law about the one at whose place she had been working. “The name of the man I worked with today is Boaz,” she said. |
| 2:20 Naomi akati kumukadzi womwana wake, Ngaaropafadzwe naJehovha, iye usina kubvisa tsitsi dzake kuvapenyu navakafa. Naomi akati kwaari, Murume uyu ihama yedu yomumba, mumwe wavadzikunuri vedu. | 2:20 “The Lord bless him!” Naomi said to her daughter-in-law. “He has not stopped showing his kindness to the living and the dead.” She added, “That man is our close relative; he is one of our kinsman-redeemers.” |
| 2:21 Rute muMoabhu akati, hongu, wakati kwandiri, Unofanira kurambira kumajaya angu, kusvikira vapedza kukohwa zvose zvangu. | 2:21 Then Ruth the Moabitess said, “He even said to me, ‘Stay with my workers until they finish harvesting all my grain.’” |
| 2:22 Naomi akati kuna Rute, mukadzi womwana wake, Zvakanaka mwana wangu, kuti uende navasikana vake, urege kuonekwa kune mumwe munda. | 2:22 Naomi said to Ruth her daughter-in-law, “It will be good for you, my daughter, to go with his girls, because in someone else’s field you might be harmed.” |

| SHONA | NEW INTERNATIONAL VERSION |
|--|--|
| 2:23 Naizvozvo akarambira kuvasikana vaBhowasi, akaunganidza kusvikira pakupera kokuchekwa kwebhari nokuchekwa kwezviyo; akagara navamwene vake. | 2:23 So Ruth stayed close to the servant girls of Boaz to glean until the barley and wheat harvests were finished. And she lived with her mother-in-law. |
| RUTE 3 | RUTH 3 |
| 3:1 Zvino Naomi, vamwene vake, akati kwaari, Mwanasikana wangu, handifaniri kukutsvakira zororo, kuti ufare here? | 3:1 One day Naomi her mother-in-law said to her, “My daughter, should I not try to find a home for you, where you will be well provided for?” |
| 3:2 Zvino Bhowasi, kwawakanga uri kuvasikana vake, haizi hama yedu here? Tarira iye ucharudza bhari madekwana ano paburiro. | 3:2 Is not Boaz, with whose servant girls you have been, a kinsman of ours? Tonight he will be winnowing barley on the threshing floor. |
| 3:3 Zvino chizvishambidza, uzore mafuta, ufuke nguvo dzako, ndokuburukira kuburiro, asi usazviratidza kumurume uyo, kusvikira apedza kudya nokumwa. | 3:3 Wash and perfume yourself, and put on your best clothes. Then go down to the threshing floor, but don’t let him know you are there until he has finished eating and drinking. |
| 3:4 Zvino kana iye achindovata, iwe unofanira kucherechedza paanondovata, ugoenda wondofukura tsoka dzake, wovatapo pasi; iye achakuudza zvauchafanira kuita. | 3:4 When he lies down, note the place where he is lying. Then go and uncover his feet and lie down. He will tell you what to do.” |
| 3:5 Akati kwaari, Zvose zvamunondiudza ndichazviita. | 3:5 “I will do whatever you say,” Ruth answered. |
| 3:6 Ipapo akaburukira kuburiro, akandoita zvose zvaakanga arairwa navamwene vake. | 3:6 So she went down to the threshing floor and did everything her mother-in-law told her to do. |
| 3:7 Zvino Bhowasi wakati apedza kudya nokumwa, moyo wake ukafara, akandovata pamucheto womurwi wezviyo; ipapo iye akanyatsosvika, akafukura tsoka dzake, ndokuvata pasi. | 3:7 When Boaz had finished eating and drinking and was in good spirits, he went over to lie down at the far end of the grain pile. Ruth approached quietly, uncovered his feet and lay down. |
| 3:8 Pakati pousiku murume akavhunduka, akapinduka, onei mukadzi avete patsoka dzake. | 3:8 In the middle of the night something startled the man, and he turned and discovered a woman lying at his feet. |
| 3:9 Akati, Ndiwe aniko? Akapindura akati, Ndini Rute, murandakadzi wenyu; fukidzai murandakadzi wenyu nenguvo yenyu, nekuti muri hama yomumba. | 3:9 “Who are you?” he asked. “I am your servant Ruth,” she said. “Spread the corner of your garment over me, since you are a kinsman-redeemer.” |
| 3:10 Ipapo iye akati, Uropafadzwe naJehovha, mwanasikana wangu, nekuti pakupedzisira wakaita nokunaka kupfuura pakutanga; nekuti hauna kutevera majaya, kunyange aiva varombo kana vafumi. | 3:10 “The Lord bless you, my daughter,” he replied. “This kindness is greater than that which you showed earlier: You have not run after the younger men, whether rich or poor. |
| 3:11 Zvino mwanasikana wangu, usatya hako; ndichakuitira zvose sezvaunotaura; nekuti vose veguta rangu vanoziva kuti uri mukadzi wakanaka kwazvo. | 3:11 And now, my daughter, don’t be afraid. I will do for you all you ask. All my fellow townsmen know that you are a woman of noble character. |

| SHONA | NEW INTERNATIONAL VERSION |
|---|---|
| 3:12 Zvino zvirokwazvo kuti ini ndiri hama yomumba, asi kune imwe hama iri pedo kupfuura ini. | 3:12 Although it is true that I am near of kin, there is a kinsman-redeemer nearer than I. |
| 3:13 Vata hako usiku hwuno; zvino mangwana, kana iye achida kukuitira zvinofanira kuitwa nehama, ndizvo hazvo; ngaaita zvinofanira kuitwa nehama; asi kana asingadi kukuitira zvinofanira kuitwa nehama, ini ndichakuitira zvinofanira kuitwa nehama, ndinopika naJehovha mupenyu; chivata hako kusvikira mangwana. | 3:13 Stay here for the night, and in the morning if he wants to redeem, good; let him redeem. But if he is not willing, as surely as the Lord lives I will do it. Lie here until morning.” |
| 3:14 Iye akavata patsoka dzake kusvikira mangwanani, akamuka vanhu vachigere kunatsoona. nekuti wakati, Ngazvirege kuzikamwa, kuti mukadzi wakauya paburiro. | 3:14 So she lay at his feet until morning, but got up before anyone could be recognized; and he said, “Don’t let it be known that a woman came to the threshing floor.” |
| 3:15 Akati, Uya nenguvo yawakafuka, uibate, akaibata, iye akayera zviyero zvitanzhatu zvebhari, akamutakudza akapinda muguta. | 3:15 He also said, “Bring me the shawl you are wearing and hold it out.” When she did so, he poured into it six measures of barley and put it on her. Then he went back to town. |
| 3:16 Zvino wakati achisvika kuna vamwene vake, ivo vakati, Zvazodiniko mwana wangu? Akavaudza zvose zvaakanga aitirwa nomurume uya. | 3:16 When Ruth came to her mother-in-law, Naomi asked, “How did it go, my daughter?” Then she told her everything Boaz had done for her |
| 3:17 Akati, Iye wandipa zviyero izvi zvitanzhatu zvebhari, nekuti wakati, Usaenda kuna vamwene vako usina chinhu. | 3:17 and added, “He gave me these six measures of barley, saying, ‘Don’t go back to your mother-in-law empty-handed.’” |
| 3:18 Zvino vakati, Chigara hako, mwana wangu, kusvikira waona mugumo weshoko iri, nekuti murume uyu haangazorori kusvikira apedza shoko iri nhasi. | 3:18 Then Naomi said, “Wait, my daughter, until you find out what happens. For the man will not rest until the matter is settled today.” |
| RUTE 4 | RUTH 4 |
| 4:1 Zvino Bhowasi wakakwira kusuwo, akagara pasi; hama yomumba yakanga yarehwa naBhowasi, ndokupfuura napo; akati kwaari, Nhaiwe, tsaukira kuno, ugare pasi. Iye akatsauka, akagara pasi. | 4:1 Meanwhile Boaz went up to the town gate and sat there. When the kinsman-redeemer he had mentioned came along, Boaz said, “Come over here, my friend, and sit down.” So he went over and sat down. |
| 4:2 Akatora varume gumi kuvakuru veguta, akati, Garai pasi pano. Ivo vakagara pasi. | 4:2 Boaz took ten of the elders of the town and said, “Sit here,” and they did so. |
| 4:3 Zvino akati kuhama yomumba, Naomi, uya wakadzoka achibva kunyika yaMoabhu, unoda kutengesa mugove wenyika waiva womunin'ina wedu Erimereki; | 4:3 Then he said to the kinsman-redeemer, “Naomi, who has come back from Moab, is selling the piece of land that belonged to our brother Elimelech. |

| SHONA | NEW INTERNATIONAL VERSION |
|--|---|
| 4:4 ndakati ndichakuudza izvozvo, ndichiti, Chiutenga pamberi pavanhu vagere pano, napamberi pavakuru vavanhu vangu. Kana uchida kuudzikunura, undiudze, chiudzikunura hako, asi kana usingadi kuudzikunura, ndiudze, ndizive, nekuti hakuna ungaudzikunura asi iwe; unokutevera ndini. Akati, Ndichaudzikunura ini. | 4:4 I thought I should bring the matter to your attention and suggest that you buy it in the presence of these seated here and in the presence of the elders of my people. If you will redeem it, do so. But if you will not, tell me, so I will know. For no one has the right to do it except you, and I am next in line.” “I will redeem it,” he said. |
| 4:5 Zvino Bhowasi akati, Zuva iro raunotenga munda uyo kuna Naomi, unofanira kuutengawo kuna Rute muMoabhhu, mukadzi wowakafa, kuti umutse zita rowakafa panhaka yake. | 4:5 Then Boaz said, “On the day you buy the land from Naomi and from Ruth the Moabitess, you acquire the dead man’s widow, in order to maintain the name of the dead with his property.” |
| 4:6 Hama iyo yomumba ikati, Handigoni kuzvidzikunurira uyo, kuti ndirege kutadzira nhaka yangu, chitora hako iwe simba rangu rokudzikunura, nekuti ini handigoni kuudzikunura. | 4:6 At this, the kinsman-redeemer said, “Then I cannot redeem it because I might endanger my own estate. You redeem it yourself. I cannot do it.” |
| 4:7 Zvino iyi ndiyo tsika yakanga iripo kare pakati pavalsiraeri kana vachidzikunura nokutsinhanha, kuti zvose zvisimbiswe. Munhu waibvisa shangu yake, ndokuipa hama yake, ndiwo waiva mutowo wokupupura nawo pavalsiraeri. | 4:7 (Now in earlier times in Israel, for the redemption and transfer of property to become final, one party took off his sandal and gave it to the other. This was the method of legalizing transactions in Israel.) |
| 4:8 Zvino hama iyo yomumba ikati kuna Bhowasi, Chizvitengeru hako uyo. Akabvisa shangu yake. | 4:8 So the kinsman-redeemer said to Boaz, “Buy it yourself.” And he removed his sandal. |
| 4:9 Zvino Bhowasi akati kuvakuru nokuvanhu vose, imwi muri zvapupu nhasi, kuti ndatenga kuna Naomi zvose zvaiva zvaErimereki, nezvose zvaiva zvaKirioni nezvaMaroni. | 4:9 Then Boaz announced to the elders and all the people, “Today you are witnesses that I have bought from Naomi all the property of Elimelech, Kilion and Mahlon. |
| 4:10 Ndatengawo Rute muMoabhhu, mukadzi waMaroni, kuti ave mukadzi wangu, kuti ndimutse zita rowakafa panhaka yake, zita rowakafa rirege kurova pakati pehama dzake napasuwo renzvimbo yake; imwi muri zvapupu nhasi. | 4:10 I have also acquired Ruth the Moabitess, Mahlon’s widow, as my wife, in order to maintain the name of the dead with his property, so that his name will not disappear from among his family or from the town records. Today you are witnesses!” |
| 4:11 Zvino vanhu vose vakanga vari pasuwo navakuru vakati, Tiri zvapupu hedu. Jehovha ngaaita mukadzi uyu wauya kumba kwako saRakeri uye saRea, ivo vaviri vakavaka imba yaIsiraeri; newewo uve nesimba paEfurata, ukurumbire paBheterehemu; | 4:11 Then the elders and all those at the gate said, “We are witnesses. May the Lord make the woman who is coming into your home like Rachel and Leah, who together built up the house of Israel. May you have standing in Ephrathah and be famous in Bethlehem. |
| 4:12 imba yako ive seimba yaPerezi, wakaberekerwa Judha naTamari, navana vauchapiwa naJehovha kumukadzi uyu uchiri muduku. | 4:12 Through the offspring the Lord gives you by this young woman, may your family be like that of Perez, whom Tamar bore to Judah.” |
| 4:13 Ipapo Bhowasi akawana Rute, akava mukadzi wake, akapinda kwaari, Jehovha akamutoresa mimba, akapona mwanakomana. | 4:13 So Boaz took Ruth and she became his wife. Then he went to her, and the Lord enabled her to conceive, and she gave birth to a son. |

| SHONA | NEW INTERNATIONAL VERSION |
|--|---|
| 4:14 Zvino vakadzi vakati kuna Naomi, Jehovha ngaakudzwe, usina kukushaisa hama yomumba nhasi, zita rake rikurumbire pakati paIsiraeri. | 4:14 The women said to Naomi: “Praise be to the Lord, who this day has not left you without a kinsman-redeemer. May he become famous throughout Israel! |
| 4:15 Uchava kwauri muraramisi woupenyu, nomuriritiri wouchembere hwako; nekuti mukadzi womwana wako uyu, unokuda, unopfuura vanakomana vanomwe kwauri, ndiye wakamubereka. | 4:15 He will renew your life and sustain you in your old age. For your daughter-in-law, who loves you and who is better to you than seven sons, has given him birth.” |
| 4:16 Zvino Naomi akatora mwana, akamufungatira pachipfuva chake, akava mureri wake. | 4:16 Then Naomi took the child, laid him in her lap and cared for him. |
| 4:17 Vakadzi vakanga vagere naye vakamutumidza zita, vachiti, Naomi wakaponerwa mwanakomana, vakamutumidza zita rinonzi Obhedhi; ndiye wakazova baba vaJese, baba vaDhavhidhi. | 4:17 The women living there said, “Naomi has a son.” And they named him Obed. He was the father of Jesse, the father of David. |
| 4:18 Zvino ndiwo marudzi aPerezi: Perezi wakabereka Hezironi; | 4:18 This, then, is the family line of Perez: Perez was the father of Hezron, |
| 4:19 Hezironi akabereka Rami, Rami akabereka Aminadhabhi; | 4:19 Hezron the father of Ram, Ram the father of Amminadab, |
| 4:20 Aminadhabhi akabereka Nashoni, Nashoni akabereka Sarimoni; | 4:20 Amminadab the father of Nahshon, Nahshon the father of Salmon, |
| 4:21 Sarimoni akabereka Bhowasi, Bhowasi akabereka Obhedhi; | 4:21 Salmon the father of Boaz, Boaz the father of Obed, |
| 4:22 Obhedhi akabereka Jese, Jese akabereka Dhavhidhi. | 4:22 Obed the father of Jesse, and Jesse the father of David. |